

*Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè*  
*Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

*Onè Respè pou tout viktim  
tranbleman tè 12 janvye 2010*

Bilten Jilap  
Nimewo espesyal

Pòtoprens, 2010

22

## **Men ki sa n ap jwenn nan Bilten espesyal sila a**

Lè tè a tramble .....	3
Ochan pou Monseyè Jozèf Sèj Miyo .....	6
Manm Jilap ki te pèdi vi yo .....	8
An n kontinye sonje tout frè ak sè n ki te viktim yo .....	12
Solidarite ak Jilap Ayiti .....	13
Angajman Jilap pou Diyite ak Dwa moun .....	17
Yon priyè pou Ayiti .....	20

Piblikasyon Bilten sila a posib gras ak konkou finans MISEREOR. Se Komisyon Jistis ak Lapè a ki sèl reskonsab sa k ekri nan Bilten an.

La publication de ce Bulletin est rendue possible grâce au concours financier de MISEREOR. La Commission Nationale Justice et Paix est seule responsable du contenu des articles publiés dans ce Bulletin.

**Yon ti mo pou louvri *Bilten* an**

## Lè tè a tranble

Ayiti te viv yon gwo evènman 12 janvye ki sòt pase a. Se pa premye fwa sa rive nan listwa d Ayiti, poutan, pa gen moun ki sonje sa te konn fêt anvan yo. Kounye a, nou pran konsyans peyi nou, menm jan ak anpil lòt peyi sou latè, twouve 1 nan yon zòn ki frajil epi ki sansib pou kesyon tranbleman tè.

Menm jan ak tout moun epi tout òganizasyon, Jilap te sibi epi pèdi. Li pèdi Prezidan 1, **Monseyè Jozèf Sèj Miyo**. Plizyè lòt manm ak zanmi mouri nan dezas sila. Peyi a pèdi anpil sitwayen konsyan epi devwe pou chanjman. N ap sonje tout moun sa yo. Nou di « Onè Respè » pou yo, nou prezante kondoleyans nou bay fanmi ak zanmi yo. Sitou, nou leve yo bay Grammèt la ki sous tout Lavi. Nou di tout moun k ap reflechi ak nou : an n vanse, an n kenbe memwa zanmi, frè ak sè nou yo. An n leve defi sila a, ki te rèv pa yo : *yon lòt Ayiti ki bèl epi ki gen lavi pou tout pitit li yo*.

Yon lòt kote evènman tranbleman tè a te montre ki jan pèp Ayisyen an se yon pèp reliye. Sa se yon fòs pou li. Li pèmèt moun reziste epi kontinye viv nan sitiyasyon difisil : « Bondye sove m », « Bondye renmen m », se te kalite pawòl sa yo ki te nan bouch tout moun. Nou te wè tou jan reliyon an genyen anpil fas ladan 1. Gen moun ki t ap di se: « Bondye k ap pini nou, paske Ayisyen mechan twòp », « Ayiti se yon move nasyon ». Nou pa kwè dènye lide sila yo pèmèt nou vanse kòm pèp, kòm nasyon.

Nan kòmansman – aprè gwo evènman an – te gen bèl solidarite, youn t ap ede lòt mezi 1 te kapab. Men, aprè kèk jou, kèk moun t ap pwofite sitiyasyon lamizè lòt yo pou parèt tèt yo pi byen. Yo rele: men dlo, « men sounami » pou yo te kapab piye kay moun san kè sote. Sa k gen mwayen yo fin kite peyi a. Komès la ak moun ki fè biznis pwofite fè richès yo sou do malere. Menm entolerans nan zafè larelijyon te parèt aklè. Gen sa k pwofite al rale moun nan legliz pa yo ak èd imanitè oswa ak laperèz pou Bondye; gen kèk reliyon tou ki te pwofite mande

moun konvèti, sa vle di « kite asanble w te konn mache a, vin jwenn mwen » ; gen sa k t al voye wòch nan sèvis vodouyzan t ap fè.

Tout sa fè n wè li enpòtan pou gade ki jan nou pale epi reflechi sou tout sa k gade lavi a. ***Nou dwe viv tankou moun reskonsab anndan tout reyalite n ap viv yo.*** Genyen reyalite tè a n ap viv ladan an, paske se konsa Bondye kreye tout sa k egziste, epi gen reyalite lafwa n ki ede n mete lavi n anfas yon Bondye ki renmen n, « menm si mòn yo tranble » jan sòm nan di l.

An n gade reyalite tè a. Bondye kreye tè a ak tout sa k ladan l. Li konfyé l bay moun pou jere l. Se konsa Labib la pale sou renmen li. An n pran konsyans misyon n ak reskonsablite n kòm moun, pòtrè ak jeran Bondye, chak jou pi plis. An n pran reskonsablite n kòm sitwayen yon peyi ki rele Ayiti. Se nan sa Bilten sa a envite n.

*Ekip Biltén an*

## **Editorial**

### **Quand la terre tremble**

Haïti vient de vivre un gros événement le 12 janvier de cette année. Ce n'est pas la première fois que cela arrive dans son histoire, mais personne ne se souvient plus de ce qui s'était passé. Maintenant nous prenons conscience de nouveau que notre pays se trouve dans une zone à risque en ce qui concerne les séismes.

Comme tout le monde et toutes les institutions, la Commission Justice et Paix a souffert : elle déplore la mort de son Président, Monseigneur Joseph Serge Miot. Justice et Paix a perdu des membres et ami(e)s. Le pays a perdu des citoyens et citoyennes capables et dévoués pour son changement. Nous nous souvenons de toutes ces personnes. Nous disons « Onè Respè » pour eux, pour elles et nous présentons nos sincères condoléances aux familles et ami(e)s éprouvés. Nous les présentons également par devant Dieu, source de toute Vie. Nous nous adressons à tous ceux et celles qui partagent en ce moment cette réflexion : ***Levons ce défi qui était leur rêve d'une Haïti nouvelle et plus belle, espace de Vie pour tous et toutes.***

L'événement du séisme a révélé le caractère religieux du peuple haïtien. Ceci est une force qui le permet de résister et de continuer à vivre des moments difficiles : « Dieu m'a sauvé », « Dieu m'aime », c'étaient des paroles qu'on retrouvait sur les lèvres de tous et de toutes. Nous avons constaté également des différents visages de la religion. D'autres en effet disaient « C'est Dieu qui punit notre méchanceté », « Haïti est une nation mauvaise ». Nous ne croyons pas que ces dernières pensées nous permettent de vivre et d'avancer comme peuple et comme nation.

Pendant un certain temps après le séisme, les gens manifestaient un beau sentiment de solidarité et d'entraide mutuelle, chacun selon ses possibilités. Mais, bien vite, les vieilles pratiques renaissaient. C'est ainsi que certains profitaient de l'annonce d'un soi-disant « tsunami », pour piller certaines maisons de commerce au bas de la ville sans inquiétude. Certaines personnes aisées ont quitté le pays ; le commerce et le business restant tirent des profits de la misère des pauvres. Même l'intolérance religieuse s'est manifestée, comme quand certaines dénominations profitent de la faiblesse des gens pour les inviter à se convertir et à rejoindre leur église en se servant de l'aide humanitaire dont elles étaient détentrices, ou bien en renforçant la peur de Dieu dans les esprits des gens. Certains ont jeté des pierres pour disperser un service Vodou.

Il est donc important de bien observer comment les gens conçoivent la vie et parlent de la Vie. Le moment est venu pour vivre et agir comme des personnes responsables dans toutes les circonstances de la vie. Il y a les différentes circonstances de la vie comme elle est – créée par Dieu -, et il y a les convictions de foi qui nous permettent de présenter cette vie devant le Dieu d'Amour dans toutes les circonstances, même quand « les montagnes tremblent » comme dit le psaume.

Voyons la réalité de la terre que nous habitons : Dieu l'a créé avec tout ce qui s'y retrouve, et Il l'a confié entre les mains des humains « pour la gérer ». Voilà le message d'amour donné par la Bible. *A nous de prendre conscience – chaque jour davantage – de notre mission et responsabilité comme personnes humaines, portraits et gérants de Dieu.* A nous de prendre notre responsabilité comme citoyens et citoyennes de ce pays qui s'appelle Haïti. Ce Bulletin vous invite à cette prise de conscience.

*L'Equipe du Bulletin*

## Ochan pou Monseyè Jozèf Sèj Miyo

## Prezidan Komisyon Nasyonal Jistis ak Lapè

Se avèk je lafwa a, moun ki kwè nan Bondye yo asepte lanmò Achevèk Pòtoprens lan, monseyè Jozèf Sèj Miyo (Joseph Serge Miot) ki te tonbe nan gwo katastwòf ki te pase nan dat 12 janvye 2010 la. Ak lanmò Monseyè Miyo, Legliz la pèdi yon vrè pastè ak yon bon sèvitè, peyi a pèdi yon bon sitwayen, Komisyon Nasyonal Jistis ak Lapè a pèdi animatè l ak konseye l.

« Pa pè, gade sanfwa nou se yon tranbleman tè ... ». Se dènye pawòl sa yo, monseyè Miyo te di moun ki te avèk li yo nanacheveche a, apre premye sekous la. Men se te dènye fwa li te pale ak moun ki te ansanm ak li yo, kote li ta pral jwenn lanmò l nan dezyèm sekous la. Apre kèk èd tan, yon anplwayeacheveche a t al sote sou kadav monseyè Miyo. Li te jwenn li tonbe fas anba, tèt li kase. Akote li te tonbe a, yo jwenn chaplè l. Selon abitid li te genyen an, se nan lè sa a li te konn lapriyè.

Antèman Monseyè Miyo te chante nan dat 23 janvye 2010 la, devan katedral ki kraze a. Se Nons Apostolik la, monseyè Bènadito Awouza (Bernardito Auza) ki te prezide seremoni an, epi Monseyè Lafontan, ki t ap preche, fè n sonje : « Monseyè Miyo te devwe anpil nan sèvis Legliz la, epi li te genyen anpil renmen nan kè li pou pòv yo. »

Yon foul pè ak fidèl ki te sòti nan diferan pawas yo te vin bay Monseyè a yon dènye omaj. Prezidan Preval ak madanm li te prezan tou. Minis Afè etranje ak Kilt la te prezante senpati Gouvènman an bay Kominote Katolik la, epi li te fè konnen apre gwo katastwòf sa a, se yon okazyon pou nou rekonsenti peyi a nan lespri solidarite ak lanmou.

### Monseyè Miyo : Ki moun li te ye ?

Joseph Serge Miot te fèt Jeremi (depatman Grandans) jou ki 23 novanm 1946. Li se premye pitit nan fanmi li. Li te sakre pè pou dyosèz Jeremi jou ki 4 jiye 1975. Apre li te fin etidye nan lavil Wòm nan peyi Itali, li te vin reskonsab Gran Seminè Kazo. Nan menm lè sa a tou, li te vin Sekretè pèmanan Konferans Episkopal la. Se nan ane sa yo li mete sou pye yon zèv ki rele Capha, *Solidarite ak moun pòv*. Li te bay koutmen nan inivèsite Nòtredam. Li te vin Evèk ak Administratè achidyosèz Pòtoprens la nan lane 1997. Li mete sou pye lekòl Tousen Louvèti, paske li te konnen fidèl katolik yo dwe aprann bay lavi sosyal ak politik la tout enpòtans li merite. Finalman li vin Achevèk Pòtoprens nan mwa mas 2008. Se te yon papa kè sansib. Li te kwè nan moun.

Depi nan lane 2005, Konferans Evèk yo konfyé I Komisyón Jistis ak Lapè a, kòm Prezidan nasyonal. Depi lè sa, chak mwa li te vin chita ak Komité Direktè a pou analyze mach Komisyón an ak reyalite peyi a. Kòm Prezidan Komisyón an, li t ap swiv Asamble jeneral yo chak lane ak anpil enterè. Li te toujou prêt pou bay konsèy ak lide li lè Komisyón an te bezwen di yon pawòl publik sou sa k pase nan peyi a. Li te mare lafwa I nan Jezikri ak renmen pou Legliz la, ak yon vrè sousi pou peyi a ak pou moun pòv yo k ap viv anndan I. Si Monseyè Miyo te patizan, si I te panche yon bò, nou dwe di : se patizan pòv yo li te ye, an menm tan li te pastè pou tout moun, paske si dwe genyen chanjman nan peyi a lakay tout moun, se anfavè pòv yo li dwe fèt. Li te renmen peyi I, Ayiti, epi li pa t kache gwo sousi ak kesyon I te genyen devan plas ak awogans etranje a ki t ap vanse chak jou pi plis. Se sans sitwayen li nan yon peyi pòv ak plen pwoblèm, men jalou endependans li ki te fè I pale konsa.

Komisyón Jistis ak Lapè koube I byen ba devan kalite lanmò sa a. Li voye senpati li bay fanmi li ak tout kretyen katolik nan Achidyosèz la. Se pou Bondye Lavi a resevwa Monseyè Miyo lakay li.

*Sous : Jounal Bon Nouvèl  
ak pwòp eksperyans nou ak Monseyè Miyo*

Men lis non manm Jilap ki te pèdi vi yo  
jou ki 12 janvye 2010 la :

**Monseyè Joseph Serge Miot**  
Prezidan Jilap Achidyosèz Pòtoprens  
Prezidan Nasyonal Jilap

**Monseyè Charles Benoit**  
Li toujou te montre enterè ak senpati l pou Komisyon an

**Pè Jean Claude Lespinasse**  
Li se yon manm fondatè Komisyon nasyonal la. Li te Omonye nasyonal prizon yo. Chak dimanch li t al selebre lanmès nan penitansye nasyonal la, sitou nan Hall 1 ak 2, kote detni yo te ba l yon bèl akèy. Komisyon an te bay li yon plak Onè Merit nan dènye Asanble jeneral li.

**Sè Marie Camille François, fDIS**  
Manm CORAL (Jilap) CHR ak bon zanmi Komisyon an

**Pè Joseph Arnaux Chéry**  
Jilap pawas Sent Èn

**Gérard Pierre**  
Manm Jilap nan pawas Akayè

**Fritzner Laloi**  
Manm Jilap nan pawas Bizoton, li mouri nan GOC

**Eliance Jean Baptiste**  
Manm nan Komisyon Sent Antwàn, Avni Poupla

**Mèt Pierre Junior Constant**

Ansyen manm Jilap Okay ak kolaboratè nan sekretaya  
nasyonal la. Li te Komisè Gouvènman nan Ench

Plizyè manm nan Komisyon pawasyal yo pèdi pitit, oswa fanmi nan  
gwo tranbleman tè a.

Nan Bilten espesyal sa, Jilap prezante senpati I ak tout  
kondoleyans li bay tout manm Komisyon an ki pèdi yon  
manm nan fanmi yo. Epi li envite tout manm Jilap yo  
pou youn soutni lòt nan lapriyè ak nan solidarite.

*Bilten an prezante senpati I bay Jilap nan Podepè ki pèdi nan mwa  
desanm 2009, yon gwo kolaboratè, yon fondatè Komisyon dyosezen an :*

***Andre Vixama (André Vixamar)***

*Li te fèt 2 avril 1963. Li mouri 5 desanm 2009*

Andre Vixamar te fèt jou ki te 2 avril nan lane 1963. Papa I te rele Delusmar  
Vixamar ak maman I Dorancia Casimir. Kòd lonbrit li antere nan yon lokalite ki  
rele Kana nan Ti Wòch, 3<sup>yèm</sup> seksyon Obè nan komin Pòdpè, pawas Chansòl, ki  
chita nan depatman Nòdwès la.

Li te marye ak Anne Ifossa Saint Phar (sou non Françoise) nan dat 22 avril 1990 nan chapèl Obè. Li mouri kite 3 timoun. AndreVixamar, ki gen ti non jwèt li *Direk*, te travay anpil nan kominate Obè a, nan zòn kote 1 te fèt. Li te bay anpil kout men nan komin Pòdpè ak Chansòl ak nan tout depatman Nòdwès la an jeneral. Aksyon li yo pa t gen limit, yo gen retonbe onivo nasyonal. Li te fè etid primè li nan lekòl nasyonal Obè, apre sa l al kontinye etid segondè li nan moman yo ouvè lise Franswsa Kapwa nan Chansòl nan lane 1992, apresa nan Kolèj Nelson Mandela nan Vil Pòdpè jis nan klas 3<sup>yèm</sup> segondè.

Andre se te yon travayè san parèy. Li te yon kiltivatè, yon kontremèt, yon animatè edikasyon popilè, yon militan dwa moun, yon direktè reskonsab chapèl katolik Obè, li te akonpaye diferan gwooup aktivite kiltirèl tankou teyat popilè, dans popilè. Anvan sa, li te manm JOK, TKL ak Kiwo nan dyosèz Pòdpè. Li se manm fondatè Komisyon Jistis ak Lapè nan pawas Chansòl nan lane 1989, li vin monte nan biwo dyosezen Jistis ak Lapè nan lane 1991 jiska dènye jou anvan li mouri. Li te toujou patisipe nan tout aktivite Jilap depi nan chapèl jis li rive nan nivo nasyonal. Li te animatè nan diferan pwogram Jilap : PNF, Bati Lapè obsèvasyon eleksyon, Fowòm sitwayen, elatriye.

Nan chapèl li Obè (pawas Chansòl), Andre te yon gwo pilye. Li te patisipe nan tout gwooup ki nan Legliz la, anplis li te sèvi yon referans pou kominate a, yon konseye moral pou timoun, jèn ak granmoun ki te an difikilte, swa nan lafwa yo oubyen nan gwooup yo t ap evolye a. Li fè anpil medyasyon nan diferan kwen dyosèz la gras ak konkou fòmasyon Jilap yo (Bati lapè).

Li te manm òganizasyon popilè. Tèt Kole Ti Peyizan Ayisyen, se nan espas sa a li te konn milite epi patisipe nan diferan manifestasyon, swa kont taks ilegal, Leta t ap pran sou malere yo, swa kont enpinite ak ensekirite, oswa lè Leta pa t pran reskonsablite li pou reponn bezwen yon popilasyon. Li te toujou deklare : batay la ap kontinye toutotan Leta pa pran reskonsablite li devan popilasyon an. Li se te gwo defansè dwa moun nan dyosèz Pòdpè, li te renmen fè sa, epi li te toujou preznan kote sa mande, tankou nan prizon pou pran defans moun ki san defans yo. Li pa t janm pè entèvni devan otorite Lajistis yo, komisè gouvènman yo, jij

depè, jij denstriksyon, dwayen pou montre yo iregilarite ki genyen nan trètman dosye prizonye. Li te trè dou nan tanperaman, li te senp, li te renmen verite ak transparans. Lavi li ak travay li kòm layik, li te mete yo nan sèvis moun yo mete sou kote yo tankou malere nan mòn, peyizan gwo zòtèy. Li te kwè anpil nan valè moun genyen. Malgre pwoblèm sante l te genyen, li pa t janm fatige ni dekouraje pou l defann moun yo t ap vyole dwa yo nan tout kwen depatman Nòdwès la.

Depi nan lane 1997 li te fè fas ak yon maladi ki se kalkil renal. Li te soufri anpil anba maladi sa a, li te swiv plizyè sant medikal atravè tout peyi a nan Nò, Nòdès, Latibonit, Lwès ak Sid. Nan mwa mas 2002, li te sibi yon gwo operasyon nan lopital Sen Franswa Sal nan Pòtoprens pou retire yon ren. Anviwon 7 lane apre operasyon an, li pa t kapab sipòte, li toujou lopital tanzantan, sitiyasyon sante l pa t pwogrese. Konsa, li mouri samdi 5 desanm 2009, yon semèn apre li te sòt patisipe nan Asanble Jeneral Nasyonal Jilap te òganize nan Maryani. Se pou Bondye Granmèt la fè rèv Andre tounen yon reyalite avèk pèseverans kote kanmarad yo nan yon batay manch long.

*Azarias Dubréus, Pòdpè*

*Jilap Jeremi fè n konnen lanmò yon manm fidèl, yon delege Komisyon pawas Koray, ki te toujou reponn preznan aktivite Jilap dyosèz la :*

*Damas Louissaint  
Li mouri samdi 17 jiyè 2010.  
Nou prezante senpati n bay fanmi li ak Jilap nan Koray.*

*An n kontinye sonje tout frè ak sè n ki te viktim yo*

*Apre evènman 12 janvye 2010 la, anpil kretyen ak sitwayen santi li nesesè pou n pa janm blyie gwo evènman sila a, epi pou n toujou sonje frè ak sè n yo ki te viktim.*

*Pou sa kab fèt, yo te fè plizyè pwopozisyon :*

- *Achiduosèz Pòtoprens te louvri rejis nan chak pawas kote moun yo kapab mete non tout moun yo konnen ki mourir nan tranbleman tè a, ak laj yo, ki kote yo pèdi vi yo, ki metye yo te genyen.*
- *Gen moun ki te pwopoze pou bati yon memoryal, yon moniman nan plas kote yo te antere anpil kadav.*
- *Lòt toujou pwopoze pou plante yon forè toupre kapital Pòtoprens la ak 300.000 pyebwa, youn pou chak viktim tranbleman tè a.*

*Kèk semèn pase, kèk sitwayen ak sitwayèn mete sou pye yon kolèktif pou bay pwopozisyon memoryal la jarèt. Chak 12 nan chak mwa, yo swete louvri yon memoryal nan youn nan vil pwovens yo.*

*Li enpòtan pou moun sonje sa k pase nan peyi a. Nou pa kab viv tankou yon pèp ki pa gen memwa. Nou pa dwe blyie tranbleman tè sa a, ak lòt tranbleman tè ki te pase anvan yo, tankou sa k te frape Pòtoprens nan lane 1770, ak vil Okap nan lane 1842. Pou jwenn plis enfòmasyon, nou kab ekri : <memorialhaiti2010@gmail.com>.*

Jistis ak Lapè soutni tout inisyativ pou kenbe memwa viktim yo. Nou swete tout Komisyon pawasyal yo ap kolabore ak tout sa k fèt lakay yo nan sans sa a.

## Jistis ak Lapè toupatou

### Solidarite ak Jilap Ayiti

Plizyè patnè Komisyon an te ekri pou montre senpati yo ak Jilap nan peyi d Ayiti. Yo ba nou konkou pou reyalize pwogram nou yo ak pou repare sa k pèdi.

Men non yo : CCFD Lafrans, Karitas Swis, Aksyon Karèm Swis, Manos Unidas Espay, Broederlijk Delen Bèljik, Misereor Almay, Adveniat Almay, AVSI Itali, CRS Ayiti ak Etazini.

De (2) Komisyon Jistis ak Lapè nan lòt peyi te ekri n dirèk pou montre jan yo sansib pou sa pèp Ayisyen an sibi. An menm tan yo swete pou Jilap pa bò isit la kapab bay yon konkou valab nan rebati peyi a. Nou pibliye 2 lèt sa yo.



Commission Episcopale Justice et Paix – Haïti  
C/o Père Jan Hanssens, directeur  
[justicepaix@yahoo.com](mailto:justicepaix@yahoo.com)

Bruxelles, le 11 février 2010

Bien chers amis et collègues de la Commission Justice et Paix en Haïti,

**Rezo n genyen 8 manm  
ki nan non Evèk yo  
reyalize solidarite nan  
domèn jistis, lapè ak  
respè pou sa Bondye  
kreye. Yo chak, nan  
domèn ki pa yo, te  
kontribye nan jefò pataj  
fratènèl Legliz la ak  
popilasyon peyi Labèljik  
te reyalize [pou Ayiti].  
Jodi a, nou vle montre  
solidarite n nan lapriyè  
ak tout popilasyon an ki  
anba eprèv. Nou lapriyè  
tou pou kontribisyon  
Komisyon Jistis ak Lapè  
[an Ayiti] ap bay la pote  
fwi pou rekonstwi peyi a  
yon fason solid, selon sa  
k korèk ak nan lapè.**

A l'occasion de la journée internationale de prière pour Haïti - que nous célébrons demain, le 12 février- les membres du *Netwerk Rechtvaardigheid & Vrede* (*Réseau Justice et Paix*) de l'Eglise en Flandre (Belgique) désirent se joindre à vous et à l'ensemble de la population en Haïti.

Les huit membres de notre réseau, qui de la part de nos Evêques concrétisent la solidarité en matière de justice, paix et intégrité de la création, ont chacun avec sa spécificité contribué aux efforts de partage fraternel mis en œuvre par l'Eglise et la population Belge.

Mais aujourd'hui c'est en union de prières que nous voulons exprimer notre solidarité avec les victimes du séisme et la population toute entière durement éprouvée. Nous prions également pour que la contribution de la Commission Justice et Paix et organisations sœurs (entre autres la Commission Pax Christi Port-au-Prince) porte ses fruits dans les défis à venir pour la reconstruction durable, juste et en paix de votre pays. Nous sommes à vos côtés.

Avec vous nous prions et chantons : « Là où est la charité, là est Dieu ». Que le Seigneur vous bénisse.

Paix et tout bien. En solidarité,



Jef Felix, Président

Deutsche Kommission  
**Justitia et Pax**

Trèves le 20 janvier 2010

Commission Episcopale Nationale Justice et Paix  
P. Jan Hanssens, direktè

Profondément ému nous recevons les nouvelles et les images qui nous arrivent d'Haïti après le séisme. C'est avec une grande tristesse que nous avons appris la nouvelle de la mort de Monseigneur Joseph Serge Miot, votre Archevêque et Président de la Commission Justice et Paix d'Haïti. Par sa mort, l'Eglise haïtienne et la Commission Justice et Paix perdent un confrère engagé et prévoyant. Il a abordé les problèmes sociaux de son pays et il a ancré l'engagement de l'Eglise pour la justice et la paix dans tous les diocèses d'Haïti. C'était avec un grand intérêt et une haute estime que nous avons appris de votre travail en faveur des droits de l'homme en Haïti lors de la dernière action d'Adveniat ici en Allemagne.

Au nom de la Commission allemande Justice et Paix je vous exprime nos condoléances les plus sincères. Nous espérons que vous et vos collaborateurs et collaboratrices sont sorties indemne du tremblement de terre. Cette catastrophe frappe un des pays les plus pauvres, nombreuses personnes qui manquaient déjà l'indispensable à la vie et aussi beaucoup de personnes qui les ont soutenu avec dévouement et se sont engagés pour un avenir juste.

A part la question sur la meilleure manière de vous venir en aide, beaucoup se demandent sur la raison de ce désastre. Nous n'avons pas de réponses, mais nous sommes unis avec vous dans votre deuil, dans la misère et dans les efforts de secours, particulièrement dans la prière. Même si la prière ne donne pas de réponses à nos questions, elle nous renforce dans l'espoir et la confiance que

Dieu ne nous abandonne pas mais qu'Il est à notre côté même et surtout dans la plus grande misère.

Nous prions que Dieu vous console et vous accorde la force de rester solidaire, d'aider et de donner de l'espoir aux gens dans ce chaos. Que votre confiance en Dieu vous assure dans votre espoir en un avenir prometteur pour Haïti et dans votre engagement pour créer ensemble une vie commune plus juste.

Vous assurant de mon amitié et soutien, je vous prie de croire, Révérend Père, à ma fraternelle communion dans le Christ.

Bishof  
Dr. Stephan  
Ackermann

Katastwòf la touche youn nan peyi ki pi pòv yo, yon pakèt moun ki t ap manke sa yo te bezwen pou viv, ansanm ak yon kolonn moun ki t ap soutni yo ak anpil devouman pou yo te rive jwenn yon avni ki pi kòrek. Ansanm ak kesyon sou pi bon fason nou kapab ede n, anpil moun poze tèt yo kesyon sou rezon ki lakòz dezas sila a. Nou pa genyen repons, men nou fè youn ak nou nan dèy nou, nan mizè n ak nan tout jefò pou pote sekou, yon fason espesyal tou nan lapriyè n. Menmsi lapriyè n pa ba n yon repons sou kesyon n yo, li ranfòse espwa n ak konfyans nou nan Bondye ki pa abandonnen nou, men ki bò kote n, sitou nan pi gwo mizè a... Se pou konfyans nou nan Bondye bay espwa n jarèt nan yon pi bon avni pou Ayiti, se pou I ranfòse angajman n pou kreye ansanm yon vi kominotè ki pi kòrèk.

## Angajman Jilap pou Diyite ak Dwa moun

Apre evènman 12 janvye 2010 la, Jilap te reprann travay li ki se : defann Diyite ak Dwa moun. Li te fè sa ak plizyè pawòl piblik ; li te fè sa ak plizyè rapò li te pibliye . Li te fè sa ak plizyè aksyon l ap mennen.

### Deklarasyon piblik Jilap te fè apre tranbleman tè a

- 26 janvye. *Lettre ouverte au Premier Ministre d'Haïti, Monsieur Jean Max Bellerive.*
- 3 fevriye. *Des propositions concrètes qui explicitent davantage la lettre ouverte de la Commission Justice et Paix au Premier Ministre Jean Max Bellerive, concernant les urgences.*
- 4 mas. Nòt pou laprès. *Dwe gen plis tolerans ant moun divès relijyon ak kwayans nan peyi d Ayiti.*
- 29 mas. Jilap Achidyosezen Pòtoprens. *Sou ki sa n dwe pale : relansman, rekonstriksyon, refondasyon ou konstriksyon Peyi d Ayiti ?*
- 9 avril. *Kesyon eleksyon nan peyi a : Nou pale sou dwa yon pèp genyen pou fè tandem vwa l.*
- 22 jen. Nòt pou laprès. *Detansyon prevantiv pwolonje a la pi rèd.*
- 21 jiye. Nòt pou laprès Jilap Achidyosèz Pòtoprens. *Ki wòl yon polisyé oubyen yon soukomisarya nan yon komin ?*

### Nan kad Fowòm sitwayen an :

- 4 mas. Fowòm Sitwayen. *Ki plas ak ki enpòtans Lajistis genyen pou refonde Leta Ayisyen*
- 25 avril. Forum Citoyen. *Communiqué : Au nom de l'Etat de droit.*

### Rapò Jilap te pibliye depi tranbleman tè a

- *Chak 3 mwa, Jilap prepare yon rapò sou vyolans nan zòn metwopolitèn nan. Rapò sa yo montre, depi tranbleman tè a fin pase, genyen plis vyolans k ap fèt nan peyi a, gen plis vyolans tou ak zam. Nou pibliye rapò 34 ak 35 ki pale sou epòk apre 12 janvye a.*
- *Nou fini epi nou pibliye yon rapò sou zam ki genyen nan peyi a. Ankèt la te kòmanse depi anvan tranbleman tè a. Nou fini ak li kounye a. Dwe genyen*

*plis pase 268.000 zam nan peyi a. Pi fò zam sa yo ilegal, sèlman 33.000 zam ki anrejistre.*

- *Depi janvye 2010, Jilap pibliye 2 rapò sou kesyon prizon an. Youn sou sa k te pase nan prizon jou ki te 12 janvye 2010. Dezyèm rapò a te fè eta kondisyon lavi detni yo 150 jou apre tranbleman tè a fin pase.*
  - La Situation des Centres de détention dans la zone métropolitaine après le 12 Janvier 2010.
  - Les prisons 150 jours après le tremblement de terre.

### **Men plizyè aksyon Jilap ap mennen pou ede popilasyon an**

- *Jilap te pibliye yon dokiman pou ede pawas yo ak kominote yo nan tan karèm nan : Renmen nan Verite a tankou Jezikri. Anpil moun te fè n konnen jan yo te apresye kòmantè sila a sou dokiman Pap Benwa 16 te ekri : Caritas in Veritate.*
- *Nan kad nouvo PNF, ki se pwogram fòmasyon pou tout manm Jilap yo, Jilap òganize nan tout peyi a fòmasyon sou kesyon Desantralizasyon, pou n kab gen yon pi bon Ayiti. 270 komisyon pawasyal benefisyé fòmasyon sila a ; epi nou prevwa pou 100 lòt kote kapab jwenn li tou. Nou deja enprime 10.500 kopi nan dokiman an ; epi yo gen tan fòme 540 fòmatè nan tout peyi a.*
- *Nan Pòtoprens, Jilap ap òganize 40 fòmasyon Bati Lapè nan 30 pawas epi nan 10 lòt kote k gen bezwen pou fòmasyon sila a, tankou nan kèk kan kote moun rete. Jilap Pòtoprens gen tan òganize yon resiklaj pou apeprè 30 fòmatè.*
- *Komisyon Jilap nan achidyochèz Pòtoprens la ak nan Jakmèl ap òganize rankont pou pèmèt manm yo pale ansanm sou tranbleman tè, ak sou konsekans li genyen sou lespri moun. Jilap gen tan prepare yon dokiman sou sa : Koze Tranbleman Tè : Pou ede n konprann ki sa l ye ak ki sa n kab fè. Nou gen tan enprime 10.000 kopi nan dokiman an.*
- *Komisyon Achidyochèz Pòtoprens ap mennen yon ankèt sou lavi ak respè pou Dwa moun nan kan yo. Y ap pibliye rapò sa a nan mwa daou 2010.*
- *Jilap kòmanse ap prepare obsèvasyon eleksyon yo nan finisman ane a. Men tou, dwe genyen edikasyon sivik ki pou fèt, paske eleksyon pa kab rete yon jwèt pou genyen pouvwa, olye li tounen yon chimen pou pèp la bay pouvwa nan men moun ki kab chanje lavi kominote a ak peyi a.*

*Komisyon an tande y ap klewonnen kesyon rekonstriksyon, refondasyon, relansman peyi d Ayiti, men I pokò konprann ki jan, kouman ak sou ki baz sa pral reyalize. ... Komisyon an panse, dat 12 janvye 2010 la, se pa koumansman destriksyon peyi d Ayiti, lè I ap sonje sou ki baz ak nan ki sistèm peyi a t ap fonksyone. Se pa yon sekèrè pou pèsonn moun: gwo kalite diskriminasyon ak mete moun sou kote ki genyen nan peyi a, sistèm peze souse k ap vale teren an ak yon seri patripòch ki gen nan peyi a, tout pou mwen ki egziste yo ak tout patènalis k ap gouvènen peyi a. Nan sans sa a, Komisyon an ap lanse yon vibran apèl bay tout otorite ki konsènen yo e ki panse y ap pase tout vi yo ap bay pèp la te kowosòl ak yon seri pawòl ki pa gen okenn verite nan yo, paske I kwè nan moman sa yo nou pa ka pale sou kesyon rekonstriksyon ... men pito sou konstriksyon Peyi d Ayiti. Sa ap rive posib se lè nou tout fè yon sèl nan renmen ak lè tout moun ap ka patisipe, lè sa a n ap pran an konsiderasyon sa k nan enterè tout moun kote chak sitwayen ap gen posibilité pou bay dizon yo nan dyalòg ki fèt ak senserite. Se lè sa a, epi se lè sa a sèlman nou ka pale sou yon nouvèl Ayiti. Komisyon an fè n sonje yon ti elit moun pou kont kò I pa ka devlope yon peyi. Men, pou gen devlopman, fòk otorite yo ankadre pèp la pou I ka patisipe tout bon.*

*Nan yon nòt laprès Jilap Pòtoprens te fè, nan dat 30 mas 2010*

An n lapriyè pou pèp Ayisyen an k ap viv yon moman difisil nan listwa li.  
Nou mande Bondye bay pèp la fòs ki nesesè pou sipòte doulè chak moun ki  
pèdi yon moun ki pwòch yo (manman, papa, frè, sè, pitit, oubyen yon lòt manm  
nan fanmi yo) nan tranbleman tè 12 janvye 2010 la.  
Nou mande pou Bondye ede pèp Ayisyen an pou l kapab rekonstwi tout  
kominote ki detui avèk yon vizyon ki mete annavan diferan valè yo ki enpòtan  
pou bati lapè epi dwa moun tankou :  
diyite moun, patisipasyon tout moun, tout fi kou gason nan peyi a, respè pou  
anviwonman an, sans reskonsabilite ak imilite. An nou lapriyè.

*Lapriyè delege Ayiti yo, Daniel Tillias ak Jocelyne Colas, te fè nan Rasambleman  
mondyal Pax Christi, nan katedral Estrasbou, jou ki 16 me 2010*